# УЛЛЫ СӨЗ ЗЕРГЕРИ
## (Әжинияз Қосыбай улы туўылғанының 200 жыллығына)

**Дошмуратова Г.С.**
*Қарақалпак мәмлекетлик университети*
*Миллий идея, руўхыйлық тийкарлары ҳәм ҳуқық тәлими кафедрасы ассистент оқытыўшысы*

**Резюме.** Мақалада қарақалпақ халқының классик шайыры Әжинияз Қосыбай улының ўатан сүйиўшилик, гуманистлик, гөззаллық, пәклик, садықлық сыяқлы бизге қалдырып кеткен бийбаҳа әдебий мийраслары анализ етилген, сондай-ақ, шайырдың туўылғанының 200 жыллығы мүнәсибети менен орынларда оның шығармаларының кең түрде үгит-нәсиятланыўы ҳаққында сөз етиледи.

**Таяныш сөзлер:** Әжинияз Қосыбай улы, Әжинияз дөретиўшилиги, гуманист шайыр, Әжинияздың 200 жыллығы, классик шайыр.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2024-жылдың 16-июльдеги “Атақлы қарақалпақ шайыры ҳәм ойшылы Әжинияз Қосыбай улы туўылғанының 200 жыллығын мүнәсип белгилеў ҳаққында”ғы ПҚ-258-санлы арнаўлы қарарында белгиленген ўазыйпалардың орынланыўын тәмийинлеў бойынша республикамыз бойлап көплеп илажлар болып өтпекте.

Қарақалпақ халқының классик шайырларының бири, өз заманының руўхый ҳәм мәнәўий жақтан жетик, көкиреги ояў инсанларының бири болған Әжинияз Қосыбай улының бизге қалдырып кеткен мийраслары бийбаҳа.

Әжинияз Қосыбай улы өзиниң бийтәкирар ҳәм мазмунлы шығармалары менен халқымыздың мәденияты ҳәм әдебиятын раўажландырыўы, жас әўладты ўатансүйиўшилик ҳәм уллы адамгершилик идеялары тийкарында тәрбиялаў, туўысқан халықлар арасындағы дослық ҳәм әдебий байланысларды беккемлеўге мүнәсип үлес қосқан уллы сөз зергери болып есапланады.

Қарақалпақлар көшпели шарўа халық болғаны ушын, бир жерден екинши орынға тез-тезден көшип, өзлериниң жасаў орнын өзгертип туратуғын болған. Көбинесе олар кең жазықлы майданларға, суўы бар дәрья бойларына қоныс басып жасаған. Деген менен, халыққа сыртқы душпанлардың топылыслары да болып турған. Бундай сыртқы тәсирлерден көп жәбир шеккен әпиўайы халық арасында жазба әдебияттың қәлиплесиўиниң өзи мүмкин емес еди. Соған қарамай, халық арасында  қатықулақ адамлар көпшиликти қурағанлықтан, олар бәрқулла өзлери еситкен ўақыя әңгимелерин ядлап алып, басқаларға айтып бериў арқалы аўызеки әдебиятты қәлиплестириўге тийкар жаратқан. Сондай-ақ, Шохан Ўәлийхановтың «әзелден қарақалпақлар сахрадағы биринши қосықшылар» деп атаўы да тегинге емес еди. Кең сахрада жасап, жазық майданда шарўашылық еткен халық қолына дуўтар ҳәм қобыз алып, өзлери еситкен халық даналықларын, аңыз, әпсана ҳәм дәстанларын намаға салып атқарып, сол дәўирдиң жыршылары атанған. Мине, сол ушын да халқымыз көркем әдебиятында көбирек халық аўызеки дөретпелери салмақлы орынға ийе болып келеди. Биз буларды не ушын келтирип атырмыз, өйткени, сондай аўыр заманларда қарақалпақ халқының әдебиятын, тарийхын өзиниң дөретпелеринде келтирип, бизге мийрас етип қалдырған Әжинияз шайыр сыяқлы қарақалпақ халқынан шыққан зыялы, айрықша қәбилетке, талантқа ийе инсанлардың миллеттиң руўхый өсиўинде, жетилисиўинде үлкен хызмети болған.

Әжинияз 1824-жылы Арал теңизиниң қубла жағасында жайласқан «Қамыс бөгет» деген аўылда туўылған. Ол XIX әсирдеги қарақалпақ жазба әдебиятының раўажланыўына өзиниң «Дәўран болмады», «Еллерим барды», «Бардур», «Елди көрер күн бармекен», «Көринди», «Көриң», «Билмедим», «Барды», «Шықты жан», «Гөззаллар», «Бозатаўлы нәзәлим», «Айрылса», «Бери кел», «Бозатаў», «Әжинияздың қыз Меңеш пенен айтысы» ҳәм басқа да шығармалары менен салмақлы үлес қосқан.

Қарақалпақ халқының уллы классик шайыры Әжинияз Қосыбай улының шығыс халықлары мәденияты менен әдебиятын, халықлар арасында дослық қатнасықларын раўажландырыўға қосқан үлеси уллы. Президентимиздиң басламасы менен халқымыздың сүйикли шайыры Әжинияздың 200 жыллығы ЮНЕСКО шеңберинде халықаралық көлемде белгиленетуғын юбилейлер қатарына киргизилгени бизиң халқымыз ушын үлкен жаңалық, үлкен тарийхый ўақыя болды.

Жыл даўамында республикамызда, соның менен бирге, қоңсылас республикаларда, халықаралық көлемде шайырдың юбилейи кең түрде белгиленип өтилмекте.

Республикамыз бойлап өткерилип атырған әдебий кешелерде, илимий әнжуманларда Әжинияз Қосыбай улының өмири ҳәм дөретиўшилиги, шайыр шығармаларының тек ғана қарақалпақ әдебиятында емес, соның менен биргеликте, өзбек, қазақ, түркмен ҳәм басқа да түркий халықлар әдебиятында тутқан орны, XIX әсирдеги қарақалпақ әдебиятының раўажланыўында Әжинияз дөретиўшилигиниң әҳмийети, бүгинги күнде оның шығармаларының үйренилиўи ҳәм келешек әўладларға жеткерилиўи сыяқлы мәселелер бойынша баянатлар жасалмақта.

Әжинияз Қосыбай улы дүньяны терең ҳәм өткир танып, қарақалпақ халқының руўхый

дүньясының байыўына үлкен үлес қосқан, әдебиятымызды тек ғана раўажландырып қоймастан, қоңсылас халықларға таныстырған уллы тулға болып табылады. Ол өзи жасаған дәўирде феодаллық қатнасықлар ҳүким сүрип турған болса да, оның ақыл-ойы бир неше әсир алдыға раўажланып, «бул дүньяның көрки – адам баласы» екенлиги ҳаққында гуманистлик шешимге келгенлиги де оның адамгершилик пазыйлетлерин көрсетип береди.

Ол қарақалпақ әдебиятында лирика, эпикалық поэзияны раўажландырыў менен бирге, айтыс жанрының да шебер дөретиўшиси болып табылады. Оның Қыз Меңеш пенен айтысы шайырлар айтысының ең жақсы үлгиси есапланады.

Усы Қыз Меңеш пенен айтысында «Жылына мийўелеп үш рет пискен, Аты сүтилмектей жемисим барды», – деп туўылған жердиң тәбийий байлықларын сүўретлеп бериўиниң өзи, оның шебер сөз өнериниң ийеси екенлигин аңлатып турады. Оның ҳәр бир қосығы шайыр лирикасының қаншелли бай екенлигин көрсетеди. Шайыр шығармалары усы күнге шекем илимий жақтан изертленгени менен еле де излениўди талап ететуғын тәреплери көп.

Илимий дереклерге қарағанда Әжинияздың дөретиўшилиги халық арасынан ХХ әсирдиң 30-жылларынан баслап жыйнала баслаған. Дәслепки шығармалары 1949-жылы баспадан шықты. Кейинги дәўирлерде 1960, 1961, 1965, 1975, 1988, 1994, 2014-жылларда шайырдың таңламалы шығармаларының жыйнағы баспада жәрияланды. Әжинияздың өмири ҳәм дөретиўшилиги илимпазлар Н.Дәўқараев, Қ.Айымбетов, академиклер М.Нурмуҳаммедов ҳәм Ҳ.Ҳамидов, сондай-ақ, Ә.Пирназаров, Б.Қәлимбетов, А.Муртазаев, К.Мәмбетов, Ә.Пахратдинов, К.Алламбергенов, Б.Генжемуратов ҳәм басқалар тәрепинен илимий тийкарда изертленди.

Тәкирар айтыўымыз мүмкин, Әжинияз Қосыбай улы XIX әсирдеги қарақалпақ халқының уллы данышпан шайыры, қарақалпақ әдебиятының ири тулғасы.

Шайырдың исми ҳәм оның көркем дөретпелери дүнья халықлары арасында кеңнен белгили. Ол шығыс халықларының руўхый ғәзийнеси, мақтанышы болған Наўайы, Физулий, Низамий, Рудакий, Фердаўсий, Мақтымқулы, Абай ҳәм басқа да көркем сөз шеберлери сыяқлы миллий мәдениятымыздың жарқын жулдызы болып есапланады.

Ҳәзирги дәўирде де Әжинияз шайырдың әдебий мийрасы, оның ўатансүйиўшилик, гуманистлик, гөззаллық, пәклик, садықлық көзқараслары келешек әўладлар ушын өшпес, мәдений ҳәм руўхый азық болып келмекте.

Быйыл шайырдың 200 жыллығы халықаралық көлемде кеңнен белгилениўи себеби менен шайырдың қәбири жайласқан орынды абаданластырыў, музей шөлкемлестириў, шайыр тәрепинен айтылған ҳикметли сөзлерден баннерлер таярлаў, илимий-әмелий конференциялар шөлкемлестириў, илимий-изертлеў жумысларын алып барып, ол ҳаққындағы мағлыўматларды еле де байытыў ҳәм халыққа жеткериў сыяқлы бир қатар ўазыйпалар әмелге асырылып, илимий-изертлеў институтларының, жоқары оқыў орынларының илимпазлары, профессор оқытыўшылары, соның менен бирге, студент-жаслар, басқа да жәмийетлик орынларда оның шығармалары үгит-нәсиятланып атыр.

Шайырлықты өз өмириниң мазмуны деп билген инсан, оның ҳәр қандай қыйыншылықлары менен жуўапкерли мәселелерине үлкен итибар қаратып, өз халқының руўхый дүньясын байытыў жолында изленеди, толғанады, мәнили-мазмунлы сөз айтыўға бар күш-жигерин жумсайды.

Биз жоқарыда айтып өткенимиздей Әжинияз Қосыбай улы жасаған дәўир, аўыр қыйыншылықларға толы, аласапыранлы жыллар еди. Бирақ, соған қарамастан, ол Хийўада Шерғазыхан ҳәм Қутлымурат инақ медреселеринде тәлим алып, шығыс дүньясының уллы классиклериниң дөретпелерин терең үйренген.

Ўатан, туўылған жер қәдири, ышқы-муҳаббат дебдиўлери, дослық темалары шайыр дөретиўшилигиниң негизин қурайды.

Сонлықтан, қарақалпақ классик шайырларының ишинде Әжинияз қосықларына әжайып, халықтың кеўлинен шығатуғын намалар дөретилген.

Шығыс поэзиясы жанрларын терең үйренген шайыр бес қатарлы қосық мухаммеслерди қарақалпақ поэзиясына алып кирди.

Жуўмақлап айтқанда, «Бул дүньяның көрки адам баласы» деген идеяны алға сүрген Әжинияз шайырдың көрегенлиги бүгинги күнде инсан мәпи ҳәмме нәрседен үстин деген турмыслық шынлық пенен үнлесип кетеди. Демек, шайырдың ҳәр бир сөзи ибрат десек, буны неше дәўирлер өтседе өзин жоғалтпай киятырғанлығы менен қунлы.

# ӘДЕБИЯТЛАР


1. Ўзбекистон Республикаси Президентининг «Атоқли қорақалпоқ шоири ва мутафаккири Ажиниёз Қўсибой ўғли таваллудининг 200 йиллигини кенг нишонлаш тўғрисида» ПҚ-258-сон қарори. https://www.lex.uz/ru/docs/7021660

1. Әжинияз Қосыбай улы. Таңламалы шығармалары. Нөкис, 1960.
2. Әжинияз. Зийўар. Таңламалы шығармалары. Нөкис. 1988.
3. Әжинияз. Мәңги мийраслар.Алғы сөз. Таңламалы шығармалары. Нөкис, 2014.
4. Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. Нөкис, Билим, 2004.
5. Ҳамидов Ҳ. Шығыс тиллериндеги жазба дереклер ҳәм XIX әсирдеги қарақалпақ шайырлары. Нөкис, 1991.